

**Aloysee Heredia Jarmoszuk**  
*Manm Komisyon/Prezidan*  
*tlccommissioner@tlc.nyc.gov*

**Allan J. Fromberg**  
*Afè Piblik*  
*frombera@tlc.nyc.gov*

**Rebecca Harshbarger**  
*Afè Piblik*  
*harshbargerR@tlc.nyc.gov*

**33 Beaver Street**  
**22nd Floor**  
**New York, NY 10004**

**Avi: Nou Etablie Dat pou Peman Frè Siplemanchè pou Amelyorasyon Taksi ak Lòt Machin Koulè ki pran Moun nan Lari yo (Taxi and Street Hail Livery,SHL)**

Kounye a w ap jwenn montan Frè Siplemanchè pou Amelyorasyon ou dwe pou katriyèm trimès ane 2019 la nan sistèm Aplikasyon pou Lisans, Renouvèlman ak Sitasyon (License Applications, Renewals & Summonses system, LARS) TLC a. Montan Frè Siplemanchè Amelyorasyon ou dwe a se kous ou te fè ant 1ye oktòb ak 31 desanm 2019.

Pou gade ak peye sa ou dwe, tanpri ale sou LARS nan <https://www1.nyc.gov/lars>.

Men delè pou peye Frè Siplemanchè Amelyorasyon pou katriyèm trimès la:

- **3 mas 2019** - Peryòd Kontestasyon an kòmanse. Pwopriyete ak Ajan yo dwe poze tout kesyon ak depoze tout kontestasyon bay:

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi:  
[tifcollections@tlc.nyc.gov](mailto:tifcollections@tlc.nyc.gov)

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi ki pran Moun nan Lari yo:  
[shlifcollections@tlc.nyc.gov](mailto:shlifcollections@tlc.nyc.gov)

- **17 mas 2019** - Peryòd Kontestasyon an fini. Montan yo finalize.

- **24 mas 2019** – Lè pou peye tout lajan an bay TLC nan <https://www1.nyc.gov/lars/>.

Si ou pa peye tout lajan an ou ka gen amann pou peye epi/oswa yo ka menm pran lisans ou.